



# LEGLIZ NAZAREYEN

## ATIK LAFWA YO

Atik Lafwa sa yo se deklarasyon ofisyèl Legliz Nazareyen yo ki dekri kwayans doktrinal li yo. Sa ki pral ekri la yo se yon vèsyon atik yo nou kapab li fasil fasil. Atik ofisyèl sa yo parèt byen klè nan konstitisyon Legliz Nazareyen nou jwenn nan Manyèl denominasyon sa a.

### 1

#### Bondye Twa nan yonn nan

Nou kwè nan yon Bondye ki la pou toutan gen tan, yon Bondye san limit. Se li menm ki kreye e k ap gouvènen linivè. Se li ki kenbe tout bagay. Bondye sen nan tout li menm. Li se limyè pafèt ak lanmou pafè. Bondye se yon sèl li ye men nan twa pèsòn, sa ki vle di li devwale tèt li kòm Papa, Pitit ak Sentespri.

Jenèz 1; Levitik 19:2; Detewonòm 6:4-5; Ezayi 5:16; 6:1-7; 40:18-31; Matye 3:16-17; 28:19-20; Jan 14:6-27; 1 Korent 8:6; 2 Korent 13:14; Galat 4:4-6; Ephezyen 2:13-18; 1 John 1:5; 4:8

### 2

#### Jezikri

Nou kwè nan Jezikri dezyèm pèsòn Bondye trinitè a, ki te toujou fè yon sèl ak Papa a. Li te vin tounen moun e fèt yon timoun soti nan vant Lavièj Mari. Jezi se pa yon nonm ki te tounen yon Bondye ni se pa yon Bondye ki te senpman parèt kòm si li te sèlman yon nonm. Men pito, li se Bondye san manke anyen e moun tout bon vre : de nati te fonn nan yon sèl, Bondye-moun nan.

Nou kwè Jezikri te mouri pou peche nou e li te soti vivan pami mò yo ak yon kò imen san defo. Li te monte nan syèl la kote l ap plede pou nou.

Matye 1:20-25; 16:15-16; Lik 1:26-35; Jan 1:1-18; Travay 2:22-36; Women 8:3, 32-34; Galat 4:4-5; Filipyen 2:5-11; Kolosyen 1:12-22; 1 Timote 6:14-16; Ebre 1:1-5; 7:22-28; 9:24-28; 1 Jan 1:1-3; 4:2-3, 15

## 3

## Sentespri a

Nou kwè nan Sentespri a, twazyè pèsòn nan Bondye trinitè a, k ap travay chak jou nan Legliz Kris la. Li fè lemonn wè jan yo gen peche e li bay moun ki repanti e ki kwè yon lavi tou nèf. Li sanktifye kwayan yo e li gide yo nan tout verite a jan li ye egzakteman nan Jezi.

Jan 7:39; 14:15-18, 26; 16:7-15; Travay 2:33; 15:8-9; Women 8:1-27; Galat 3:1-14; 4:6; Efezyen 3:14-21; 1 Tesalonisyen 4:7-8; 2 Tesalonisyen 2:13; 1 Pyè 1:2; 1 Jan 3:24; 4:13

## 4

## Ekriti Sent yo

Nou kwè Bib la se Bondye ki enspire li nan tout dimansyon li. Swasann sis liv Ansyen ak Nouvo Testaman yo moutre nou tou sa nou bezwen konnen pou nou jwenn sali a. Tout atik lafwa nou yo dwe baze sou Bib la.

Lik 24:44-47; Jan 10:35; 1 Korent 15:3-4; 2 Timote 3:15-17; 1 Pyè 1:10-12; 2 Pyè 1:20-21

## 5

## Peche

Nou kwè peche te antre nan lemonn lè premye paran nou yo, Adan ak Èv te dezobeyi Bondye. Peche yo a te mennen lanmò. Nou kwè gen de fason pou nou konsidere peche: Premye peche ak peche pèsonèl. Nou kwè tout moun fèt ak yon nati kòronpi ki se rezulta peche premye paran nou yo Adan ak Èv. Nati peche sa a separe nou ak kondisyon ladwati original sa a ki te egziste lè Bondye te kreye Adan ak Èv la. Nan yon sans espirityèl, nou se moun mouri e nou kontinye ap fè bèk atè devan lemal. Nou kwè nati peche a rete nan kè yon kretyen jiskaske batèm Sentespri a fin netwaye li tout bon vre.

Premye peche pa menm bagay ak fè peche. Li se yon panchan anndan nou k ap pouse nou pou nou fè aksyon peche. Bondye pa gade pesonn kòm reskonsab premye peche toutotan yo pa neglige osnon voye jete remèd li prepare pou li a.

Peche pèsonèl menm se lè nou fè ekspre nou pase anba pye yonn nan lalwa Bondye yo lè nou chwazi fè bagay ki mal. Se sèlman yon moun ki ka konprann moralman aksyon li ki kapab tou komèt peche pèsonèl. Peche se pa menm bagay ak fè yon ti fot, komèt erè osnon nenpòt ti bagay nou ta rive komèt san nou pa vle. Kalite ti aksyon sa yo se rezulta kondisyon n ap viv nou menm lèzòm depi chit Adan ak Èv la. Tout move atitud ak ajisman ki pa dakò ak Lespri Kris la yo rele yo peche lespri. Peche pèsonèl, nan vrè sans li, se tou dabò lè nou pase anba pye lwa lanmou Kris la ak lè nou pa kwè nan li.

Peché originèl: Jenèz 3; 6:5; Jòb 15:14; Sòm 51:5; Jeremi 17:9-10; Mak 7:21-23; Women 1:18-25; 5:12-14; 7:1-8:9; 1 Korent 3:1-4; Galat 5:16-25; 1 Jan 1:7-8

Peché pèsònèl: Matye 22:36-40 (ansanm ak 1 Jan 3:4); Jan 8:34-36; 16:8-9; Women 3:23; 6:15-23; 8:18-24; 14:23; 1 Jan 1:9-2:4; 3:7-10

## 6

### Ekspyasyon

Nou kwè Jezikri te soufri, li te vèse san li e li te mouri sou lakwa pou l te peye san manke anyen pou tou sa ki gen rapò ak peche nou. Se sa yo rele ekspyasyon an e se sèl baz pou sali nou. Jezi te mouri pou tout moun. Li fè pwovizyon sali pou timoun piti yo ak sila yo ki enkapab pran desizyon pou tèt pa yo. Tout lòt moun ki pa nan kategori moun nou sot di la yo dwe repanti epi kwè pou yo kab sove.

Ezayi 53:5-6, 11; Mak 10:45; Lik 24:46-48; Jan 1:29; 3:14-17; Travay 4:10-12; Women 3:21-26; 4:17-25; 5:6-21; 1 Korent 6:20; 2 Korent 5:14-21; Galat 1:3-4; 3:13-14; Kolosyen 1:19-23; 1 Timote 2:3-6; Tit 2:11-14; Ebre 2:9; 9:11-14; 13:12; 1 Pyè 1:18- 21; 2:19-25; 1 Jan 2:1-2

## 7

### Gras Prevenant

Nou kwè chak moun kreye dapre imaj Bondye. Yon pati nan sans sa genyen sèke lòm gen kapasite pou yo chwazi ant sa ki byen ak sa ki mal. Yo rele sa reskonsabilite moral. Akòz peche Adan ak Èv te fè a, tout moun fèt ak yon nati peche e yo pa kapab poukout yo tounen vin jwenn Bondye osnon fè bon zèv pou sove tèt yo. Poutan, nou kwè lagras Bondye granmèsi Jezikri se bagay ki gratis e se pou tout moun. Gras sa a rann li posib pou nenpòt moun chwazi vire do bay peche e pran wout ladwati, kwè nan Jezi pou l ka resevwa padon ak pirifikasyon de tout jèm peche, epi viv yon manyè ki agreyab nan je Bondye e k ap fè l plezi.

Nou kwè li posib pou moun ki sove e ki sanktifye sispann kwè epi retounen nan fè peche ankò. Si yo pa repanti de peche yo yo pa gen ankenn espwa e yap pèdi pou jamè.

Imaj Bondye ak reskonsabilite moral: Jenèz 1:26-27; 2:16-17; Detewonòm 28:1-2; 30:19; Jozye 24:15; Sòm 8:3-5; Ezayi 1:8-10; Jeremi 31:29-30; Ezekyèl 18:1-4; Miche 6:8; Women 1:19-20; 2:1-16; 14:7-12; Galat 6:7-8

Inkapasite Natirèl: Jòb 14:4; 15:14; Sòm 14:1-4; 51:5; Jan 3:6a; Women 3:10-12; 5:12-14, 20a; 7:14-25

Gras libe libè ak zèv lafwa: Ezekyèl 18:25-26; Jan 1:12-13; 3:6b; Travay 5:31; Women 5:6-8, 18; 6:15-16, 23; 10:6-8; 11:22; 1 Korentyen 2:9-14; 10:1-12; 2 Korentyen 5:18-19; Galat 5:6; Efezyen 2:8-10; Filipyen 2:12-13; Kolosyen 1:21-23; 2 Timote 4:10a; Titus 2:11-14; Ebre 2:1-3; 3:12-15; 6:4-6; 10:26-31; Jak 2:18-22; 2 Pyè 1:10-11; 2:20-22

## 8

## Repantans

Nou kwè sali mande repantans. Repantans se yon chanjman sensè nan lespri nou annegad peche. Sa mande yon santiman de kilpabilite pèsonèl ak yon volonte pou nou vire do bay peche. Sa nesesè, paske nou tout se pechè pa mwayen aksyon ak entansyon nou yo. Sentespri a, nan gras li, ap ede nenpòt moun ki vle repanti e ki vle resevwa mizèrikòd Bondye, yon manyè li kapab resevwa padon ak lavi espirityèl.

2 Istwa 7:14; Psalms 32:5-6; 51:1-17; Ezayi 55:6-7; Jeremi 3:12-14; Ezekyèl 18:30-32; 33:14-16; Mak 1:14-15;  
Lik 3:1-14; 13:1-5; 18:9-14; Travay 2:38; 3:19; 5:31; 17:30-31; 26:16-18; Women 2:4; 2 Korentyen 7:8-11; 1  
Tesalonisyen 1:9; 2 Pyè 3:9

## 9

## Jistifikasyon, Rejenerasyon, ak Adopsyon

Jistifikasyon. Nou kwè tout moun ki kwè nan Jezikri epi ki asepte li pou Senyè ak Sovè yo se moun jistifye. Sa vle di Bondye padone kilpabilite yo gratis ti cheri e li wete yo anba kondanasyon pou peche yo te fè. Li aksepte yo tankou moun ki jis kòm si yo pat janm peche.

Rejenerasyon. Nou kwè Bondye rejenere tout moun ki repanti epi ki asepte Jezi pou Senyè ak Sovè yo. Li bay yo yon lavi espirityèl ak yon nati moral tou nèf. Yo rele sa « Fèt yon dezyèm fwa ». Lavi tou nèf sa a se yon lavi nan lafwa, nan lanmou ak obeyisans anvè Bondye.

Adopsyon. Nou kwè nouvo kwayan Bondye jistifye epi rejenere yo san yo pat fè anyen pou sa a, li adopte yo nan fanmiy Bondye a.

Toulètwa bagay sa yo (jistifikasyon, rejenerasyon ak adopsyon) realize an menm tan. Yo depann de repantans nou ak lafwa nou nan Kris la. Sentespri a fè nou konnen Bondye fè sa pou nou.

Lik 18:14; Jan 1:12-13; 3:3-8; 5:24; Travay 13:39; Women 1:17; 3:21-26, 28; 4:5-9, 17-25; 5:1, 16-19; 6:4; 7:6;  
8:1, 15-17; 1 Korentyen 1:30; 6:11; 2 Korentyen 5:17-21; Galat 2:16-21; 3:1-14, 26; 4:4-7; Efezyen 1:6-7; 2:1,  
4-5; Filipyen 3:3-9; Kolosyen 2:13; Tit 3:4-7; 1 Pyè 1:23; 1 Jan 1:9; 3:1-2, 9; 4:7; 5:1, 9-13, 18

## 10

## Sentete Kretyèn ak Antyè Sanktifikasyon

Nou kwè sanktifikasyon an se travay Bondye ki transfòme kwayan yo pou fè yo vin sanble ak Jezi. Gras sa a, Bondye akonpli li pa mwayen Sentespri a atravè le tan. Li koumanse ak rejenerasyon an (ki rive anmenm tan ak jistifikasyon an). Se sa yo rele sanktifikasyon inisyal la. Li kontinye atravè sanktifikasyon antyè a ak travay Sentespri ap fè de tan zan tan nan kwayan yo pou li fè yo vin bon nèt. Li fini nan glorifikasyon an kote nou vin tèt koupe Pitit la.

Antyè Sanktifikasyon. Nou kwè apre travay rejenerasyon an gen yon lòt travay ki dekoule de li Bondye fè pou libere kwayan yo de peche oriiginèl la. Sa mennen yo nan yon kondisyon pou yo

sèvi Bondye nèt ale, san plenyen, e montre li yon obeyisans li menm sèl merite, sa nou rele lanmou pafè a.

Antyè sanktifikasyon an akonpli pa mwayen batèm Sentespri a tankou y ap ranpli nou ak Sentespri. Lè sa a, gen de eksperyans li penmèt nou fè : toudabò kè nou netoye de tout peche e answit Sentespri a tabli kasèn li lakay kwayan an kote li ba li pouvwa pou l sèvi Bondye e mennen yon lavi ki nan gou Bondye.

Antyè sanktifikasyon an posib paske Jezi te mouri. Se yon bagay ki rive nan yon ti bat je pa mwayen lagras lè nou aji fwa nou. Men anvan tout bagay kwayan an dwe deside angaje l nèt ak Bondye, sa nou rele yon konsekrasyon total. Sentespri a kominike ak lespri pa nou pou fè nou konnen li netwaye e ranpli kè nou.

Eksperyans sa a yo pale de li pa mwayen divès kalite mo ki reprezante diferant faz li pran yo tankou pèfeksyon kretyèn, lanmou pafè, kè pi, batèm Sentespri a, kè ranpli ak Lespri, foul benediksyon ak sentete kretyèn.

Nou kwè gen yon diferans byen klè ant yon kè pi ak yon karaktè ki pran matirite. Yon kè pi se bagay ki rive nan yon bat je epi ki se rezulta antyè sanktifikasyon an. Yon karaktè ki pran matirite se tout yon pwosesis kwasans espirityèl ki mande tan.

Nou kwè yon moun ki antyèman sanktifye se yon moun ki gen yon dezi ki soti nan Bondye pou li grandi nan lagras tankou yon disip k ap bat pou li sanble ak Jezikri. Yon kwasans konsa pa otomatik, men li vini lè nou pran san nou pou nouri li pa mwayen disiplin espirityèl yo, nan bi pou nou devlope yon karaktè ak yon pèsonalite ki sanble ak Kris la. Tout moun ki pa konsyan yo dwe travay pou kwasans espirityèl yo y ap kreye domaj pou temwayaj yo epi lagras Bondye nan lavi yo ap kontrarye e yo ka menm pèdi l.

Lè kwayan yo patisipe nan mwayen lagras yo, y ap grandi nan lagras ak nan yon lanmou pou Bondye ak pou pwochen yo ki soti nan fon kè. Nan mwayen lagras yo, nou jwenn espesyalman kominyon fratènèl, disiplin espirityèl ak sakreman Legliz yo.

Jeremi31:31-34; Ezekièl 36:25-27; Malachi 3:2-3; Matye 3:11-12; Lik 3:16-17; Jan 7:37-39; 14:15-23; 17:6-20;  
 Travay 1:5; 2:1-4; 15:8-9; Women 6:11-13, 19; 8:1-4, 8-14; 12:1-2; 2 Korentyen 6:14-7:1; Galat 2:20; 5:16-25;  
 Efezyen 3:14-21; 5:17-18, 25-27; Filipyen 3:10-15; Kolosyen 3:1-17; 1 Tesalonisyen 5:23-24; Ebre 4:9-11;  
 10:10-17; 12:1-2; 13:12; 1 Jan 1:7, 9

“Pèfeksyon Kretyèn,” “lanmou pafè”: Detewonòm 30:6; Matye 5:43-48; 22:37-40; Women 12:9-21; 13:8-10;  
 1 Korentyen 13; Filipyen 3:10-15; Ebre 6:1; 1 Jan 4:17-18

“Kè pi”: Matye 5:8; Travay 15:8-9; 1 Pyè 1:22; 1 Jan 3:3

“Batèm nan Sentespri”: Jeremi 31:31-34; Ezekièl 36:25-27; Malachi 3:2-3; Matye 3:11-12; Lik 3:16-17; Travay 1:5; 2:1-4; 15:8-9

“Plen ak benediksyon”: Women 15:29

"Sentete Kretyèn": Matye 5:1-7:29; Jan 15:1-11; Women 12:1-15:3; 2 Korentyeen 7:1; Efezyen 4:17-5:20; Filipyen 1:9-11; 3:12-15; Kolosyen 2:20-3:17; 1 Tesalonisyen 3:13; 4:7-8; 5:23; 2 Timote 2:19-22; Ebre 10:19-25; 12:14; 13:20-21; 1 Pyè 1:15-16; 2 Pyè 1:1-11; 3:18; Jid 20-21

## 11 Legliz

Nou kwè nan Legliz, ki se yon kominate k ap temwaye Jezikri se Senyè a. Li se pèp Bondye te fè alyans ak li a e ki vin tou nèf nan Kris la. Legliz se Kò Kris la Sentespri a mete ansanm pa mwayen Pawòl Bondye.

Bondye rele Legliz la pou moutre kalite lavi y ap menen nan divès okazyon tankou adorasyon nan tèt kole ak kominyon fratènèl, predikasyon Pawòl Bondye a, patisipasyon nan sakreman yo, ministè nan non Jezi, obeyi Kris la, mennen yon vi ki sen ak ankouraje yonn lòt.

Mision Legliz se mache fè konnen travay Kris la kòm sila a ki rachte ak rekonsilye lemonn nan pisans Sentespri a. Legliz la ranpli misyon li nan fè disip pa mwayen evanjelizasyon, edikasyon, poze aksyon ki moutre konpasyon, travay pou lajistis ak pote temwayaj wayòm Bondye a.

Legliz egziste kòm kongresyasyon local e kòm yon kominate inivèsèl. Li esprime lavi li ak adorasyon li nan divès fason nan diferant kilti. Legliz rekonèt Bondye rele kèk moun pou plizyè ministè espesyal e li plase yo nan pozisyon pou gaye ministè sa yo tout kote. Legliz ap viv anba kòmandman Bondye pandan l ap tann retou Jezi Senyè nou an, yon retou k ap pote lajwa.

Egzòd 19:3; Jeremi 31:33; Matye 8:11; 10:7; 16:13-19, 24; 18:15-20; 28:19-20; Jan 17:14-26; 20:21-23; Travay 1:7-8; 2:32-47; 6:1-2; 13:1; 14:23; Women 2:28-29; 4:16; 10:9-15; 11:13-32; 12:1-8; 15:1-3; 1 Korentyen 3:5-9; 7:17; 11:1, 17-33; 12:3, 12-31; 14:26-40; 2 Korentyen 5:11-6:1; Galat 5:6, 13-14; 6:1-5, 15; Efezyen 4:1-17; 5:25-27; Filipyen 2:1-16; 1 Tesalonisyen 4:1-12; 1 Timote 4:13; Ebre 10:19-25; 1 Pyè 1:1-2, 13; 2:4-12, 21; 4:1-2, 10-11; 1 Jan 4:17; Jid 24; Revelasyon 5:9-10

## 12 Batèm

Nou kwè batèm kretyen an se yon sakreman Jezi kòmande nou pou nou pratike. Li vle di moun nan aksepte benefis sakrifis ekspsyasyon Jezikri yo lè li deklare lafwa li piblikman nan Jezi kòm Sovè li. Batèm nan demonstre dezi moun nan pou li swiv Jezi nan obeyisans ak nan ladwati.

Batèm se yon senbòl nouvèl alyans lan ; konsa, jenn timoun kapab batize selon rekèt paran yo osnon lòt moun ki reskonsab yo si yo pwomèt yo va leve yo tankou kretyen.

Moun k ap batize yo ka chwazi si pou yo flite ti dlo sou yo, vide dlo sou tèt yo, osnon plonje yo nan dlo.

Matye 3:1-7; 28:16-20; Travay 2:37-41; 8:35-39; 10:44-48; 16:29-34; 19:1-6; women 6:3-4; Galat 3:26-28; Kolosyen 2:12; 1 Pyè 3:18-22

## 13

### Lasent Sèn

Nou kwè kominyon lasent sèn nan se fondamantalman yon sakreman Nouvo Testaman an Jezikri te enstitye. Se yon bagay pou fè nou sonje lanmò li kòm yon sakrifis ki bay kwayan yo lavi, lesali ak pwomès tout kalite benediksyon nan Kris. Sentsèn nan se pou nenpòt moun ki prepare kè yo e ki konprann sans li. Lè kwayan yo patisipe nan sakreman sa a, yo temwaye lanmò Senyè a jouktan li retounen.

Egzòd 12:1-14; Matye 26:26-29; Mak 14:22-25; Lik 22:17-20; Jan 6:28-58; 1 Korentyen 10:14-21; 11:23-32

## 14

### Gerizon divin

Nou kwè nan doktrin biblik ki se gerizon divin nan. Nou ankouraje pèp nou an pou yo priye ak lafwa yon manyè pou yo mande gerizon pou malad yo. Nou kwè Bondye geri moun pa mwayen la medsin tou.

2 Wa 5:1-19; Sòm 103:1-5; Matye 4:23-24; 9:18-35; Jan 4:46-54; Travay 5:12-16; 9:32-42; 14:8-15;  
1 Korentyen 12:4-11; 2 Korentyen 12:7-10; Jak 5:13-16

## 15

### Retou Kris la

Nou kwè Jezikri Senyè nou an gen pou l vini sou latè ankò. Kwayan sa yo ki te mouri gen pou yo resisite, e tout sila yo k ap kenbe fèm nan Jezi gen pou yo anleve ansanm ak sila yo ki resisite yo pou y al rankontre Senyè a nan lèzè. A pati de moman sa a, yo va toujou ansanm ak Senyè a.

Matye 25:31-46; Jan 14:1-3; Travay 1:9-11; Filipyen 3:20-21; 1 Tesalonisyen 4:13-18; Tit 2:11-14; Ebre 9:26-28; 2 Pyè 3:3-15; Revelasyon 1:7-8; 22:7-20

## 16

### Rezirèksyon, Jijman, Destine

Nou kwè nan rezirèksyon mò yo. Sa vle di ni kò moun ki jis yo ni kò moun ki enjis yo pral gen lavi nan yo pou yo fè yon sèl ak lespri yo – “sila yo ki te fè sa ki byen pral resisite pou yo viv pou toutan, men sila yo ki te fè sa ki mal pral resisite pou yo resevwa kondanasyon yo.”

Nou kwè nan yon jijman ki gen pou vini kote chak moun gen pou li parèt devan lafas Bondye pou l jije dapre sa li te fè pandan li te nan vi sa a.

Nou kwè moun ki sove yo paske yo kwè nan Jezi epi k ap swiv li nan lobeyisans, moun sa yo asire yo va gen yon lavi ki pap janm fini e ki ranpli ak laglwa.

Jenèz 18:25; 1 Samyèl 2:10; Sòm 50:6; Ezayi 26:19; Danyèl 12:2-3; Matye 25:31-46; Mak 9:43-48; Lik 16:19-31; 20:27-38; Jan 3:16-18; 5:25-29; 11:21-27; Travay 17:30-31; Women 2:1-16; 14:7-12; 1 Korentyen 15:12-58; 2 Korentyen 5:10; 2 Tesalonisyen 1:5-10; Revelasyon 20:11-15; 22:1-15